Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU DISTRIBISYON PLIS PASE 216 MILYON DOLA NAN ASISTANS ALIMANTÈ BAY PLIS PASE 1.8 MILYON TIMOUN ATRAVÈ NOUYÒK JISKAPREZAN NAN ETE SA A

Fanmi ki elijib yo resevwa 120 dola pou chak timoun ki elijib atravè Pwogram Summer EBT 2026 la

Summer EBT ede fanmi ki gen revni fèb yo bay timoun ki gen laj pou ale lekòl yo manje ki an sante ak nourisan lè lekòl yo nan vakans ete

Prèske tout kay ki elijib yo resevwa benefis yo otomatikman, kèk ka bezwen aplike anvan dat limit 8 septanm lan; aplikasyon an disponib isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 1.8 milyon timoun ki soti nan fanmi ki gen revni fèb ki deja resevwa asistans alimantè ki bay yon total 216 milyon dola nan kad pwogram Transfè Benefis Elektwonik Ete (Summer Electronic Benefits Transfer, Summer EBT) 2026 la. Pwogram nan bay 120 dola pou chak timoun pou fanmi ki elijib pou ede peye manje pandan mwa ete yo, lè anpil timoun pèdi aksè ak manje lekòl gratis.

"Nan yon moman kote pri pwovizyon ak lòt depans yo wo anpil, n ap kontinye tounen mete lajan nan pòch plizyè milyon fanmi Nouyòk," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan Administrasyon Trump lan kontinye ogmante depans pou Ameriken òdinè yo epi atake pwogram asistans alimantè yo, mwen rete konsantre sou sipòte fanmi yo epi asire timoun nou yo kapab reyisi."

Y ap kontinye voye benefis Summer EBT yo bay fanmi yo pandan otòn lan epi jiska fen ane a. Lè pwojè a fini, yo prevwa bay apeprè 240 milyon dola nan asistans alimantè pou apeprè 2 milyon timoun ki gen laj pou ale lekòl.

Pifò timoun ki kalifye yo resevwa benefis yo otomatikman. Sepandan, gen kèk fanmi ki ka bezwen aplike. Nou ankouraje Nouyòkè yo aprann plis sou elijibilite epi aplike, si yo elijib, anvan dat limit 8 septanm lan.

Pwogram Summer EBT a ki administre pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta a (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), finanse pa gouvènman federal la pou diminye grangou ak ensekirite alimantè pami timoun ki pa kapab jwenn manje

lekòl gratis oswa nan pri redui pandan sezon ete a lè lekòl fèmen. Fanmi ki kalifye epi ki gen timoun ki gen laj lekòl ap resevwa yon peman yon sèl fwa ki se 120 dola pou chak timoun kòm yon pati nan pwogram ete sa a.

Rechèch yo montre ke bay fanmi yo benefis manje pandan ete diminye grangou timoun yo epi y ap ankouraje pi bon nitrisyon. Yon pwojè demonstrasyon ke USDA te teste pandan pandemi an te jwenn ke Summer EBT te diminye kantite timoun ki sekirite alimantè ki fèb anpil pa yon tyè.

Pandan Repibliken nan Washington yo ap chèche febli pwogram ki fèt pou ede moun ki nan bezwen yo, Gouvènè Hochul rete konsantre sou batay pou fè lavi pi abòdab pou fanmi nan Nouyòk. Gouvènè Hochul te priyorize pwoteksyon lajan Nouyòkè yo depann de yo epi asire yo ka jwenn aksè a resous ki nesesè pou ede yo menm ak fanmi yo. Gouvènè Hochul te garanti sa nan Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2027 la:

- 51 milyon dola pou Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans Nitrisyon (Hunger Prevention and Nutrition Assistance Program, HPNAP), 15 milyon dola pou elaji HPNAP nan bank alimantè ak gadmanje rejyonal yo, ak 55 milyon dola pou pwogram Nourish NY nan Bidjè Eta a pou ane fiskal 2027 la. Sa a ajoute sou 65 milyon dola yo te anonse nan mwa oktòb la pou asistans alimantè ijans ki pral ranfòse rezo patnè bank alimantè ak gadmanje vital Nouyòk yo.
- 395 milyon dola pou ranbouse pri repa lekòl yo te sèvi nan ane fiskal 2027 la, yon ogmantasyon 55 milyon dola ane apre ane ki kontinye aplikasyon pwogram Manje Lekòl Gratis Inivèsèl (Universal Free School Meals, UFSM) ki te antre an vigè nan Bidjè Ane Fiskal 2026 la.
- Anplis de sa, avèk angajman finansman Gouvènè a, Nouyòk vin tounen youn nan sèlman yon ti ponyen eta k ap fè tranzisyon pou adopte teknoloji kat EBT ki baze sou pis an sekirite pou ede pwoteje moun k ap resevwa SNAP (Supplemental Nutrition Assistance Program) yo kont vòl enfòmasyon.

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, Barbara C. Guinn, te deklare, "Summer EBT se yon zouti ki efikas anpil epi ki esansyèl nan batay nou pou redui ensekirite alimantè ak grangou pami timoun ki gen laj lekòl, pandan l ap ede asire timoun ki gen fanmi yo ki depann de manje maten ak manje midi gratis pandan ane lekòl la kontinye jwenn manje ki bon pou sante lè lekòl fèmen. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li bay pwogram tankou Summer EBT priyorite epi li fè envestisman san parèy nan pwogram nitrisyon ki sipòte byennèt timoun ak fanmi atravè Eta Nouyòk."

Lidè Minorite Sena a Charles E. Schumer te deklare, "Okenn timoun pa ta dwe janm rete grangou, se poutèt sa mwen te toujou goumen pou jwenn finansman federal pou pwogram EBT Ete a. Mwen rekonesan Gouvènè Hochul deja delivre 216 milyon dola bay prèske 1.8 milyon timoun atravè Eta Nouyòk ete sa a. Pandan pri manje yo kontinye monte, anpil Nouyòkè ap lite pou yo rive peye depans yo, epi Repibliken yo ap avanse pou mete gwo rediksyon nan asistans nitrisyonèl federal k ap antre an vigè; li pi

enpòtan pase tout tan pou nou sèvi ak tout mwayen nou genyen pou ede nouri timoun toupatou nan eta a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Mwen fyè pou m sipòte inisyativ tankou pwogram Summer EBT a, ki ede plis pase yon milyon timoun Nouyòk jwenn manje ki bon pou sante pandan vakans ete a epi ki soulaje presyon pri manje k ap monte rapid yo mete sou fanmi ki gen revni fèb. Fas ak rediksyon Administrasyon Trump lan fè nan SNAP, mwen pral kontinye goumen san rete pou pwogram ki ede asire chak Nouyòkè kapab mete manje sou tab la."

Lidè Minoritè Chanm lan, Hakeem Jeffries, te deklare, "Lavi a twò chè Ozetazini. Donald Trump ak Repibliken MAGA ekstrèm yo adopte pi gwo rediksyon nan asistans nitrisyonèl nan istwa Etazini, sa ki retire manje nan bouch timoun, granmoun aje, ak fanmi k ap travay yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li bay Nouyòkè yo yon soulajman reyèl epi li asire prèske de milyon timoun jwenn manje ki bon pou sante yo bezwen. Demokrat nan Chanm Reprezantan yo pral kontinye goumen pou bese pri pwovizyon, gaz, ak lojman pou rann Etazini abòdab."

Reprezantan Jerry Nadler te deklare, "Pandan gouvènman federal la ap redui gwo pwogram tankou SNAP, Summer EBT pi nesesè pase sa te janm ye anvan pou asire okenn timoun pa rete grangou. Timoun yo dwe jwenn manje ki bon pou sante epi ki nourisan, kèlkeswa nivo revni fanmi yo. Mwen fyè pou m sipòte aksyon Gouvènè Hochul pran pou asire plizyè milyon fanmi Nouyòk gen resous yo bezwen pou mete manje sou tab pou pitit yo pandan lekòl yo fèmen."

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Benefis Summer EBT a se yon èd ki esansyèl pou fanmi ki depann de pwogram repa lekòl pou asire pitit yo ka pran manje maten ak manje midi. Mwen rekonesan dèske Gouvènè Hochul kontinye pran mezi pou konbat grangou toupatou nan eta a epi ede konble mank nitrisyon ki rive lè lekòl fèmen. Pandan Repibliken nan Washington yo ap redui asistans alimantè pou plizyè santèn milye Nouyòkè pou yo ka finanse rediksyon taks pou milyadè yo, Demokrat yo rete angaje pou asire okenn timoun pa rete grangou. Nan Kongrè a, mwen p ap sispann goumen pou pote lajan tounen nan Queens epi pou ranfòse pwogram asistans alimantè federal, tankou SNAP, anpil fanmi depann de yo. Nan chak nivo gouvènman an, Demokrat yo pral kontinye travay pou asire okenn fwaye nan Nouyòk pa rete san aksè ak manje nourisan."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Nan yon moman kote twòp moun gen difikilte ak gwo pri manje yo, sipò sa a pral pote yon vrè chanjman pou paran ak timoun yo atravè Nouyòk. Mèsi Gouvènè Hochul ak tout patnè eta ak kominotè nou yo pou angajman yo nan abòde kriz sou pri lavi a. Mwen swete nou kontinye travay ansanm."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Tarif yo ak lagè Trump lan nan Iran fè pri pwovizyon yo soti anba kontwòl, sa ki mete twòp presyon sou fanmi nan Hudson Valley k ap travay san rete pou peye bòdwo yo epi bay fanmi yo manje. Manje lekòl gratis oswa a pri redui se yon èd ki esansyèl pou anpil fanmi k ap travay di, paske yo asire

timoun yo manje epi jwenn bon nitrisyon menm lè bidjè yo limite anpil. Sa pa ta dwe disparèt sèlman paske lekòl fèmen. Mwen fyè anpil dèske Nouyòk kanpe pou ede plis fanmi achte manje ki bon pou sante pou pitit yo pandan ete a. Pandan m ap kontinye goumen kont rediksyon Trump yo nan nivo federal — tankou pi gwo rediksyon nan SNAP nan listwa ane pase a — mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou travay li fè isit la pou asire yo pran swen chak elèv Nouyòk."

Reprezantan Dan Goldman, te deklare, "Grangou pami timoun nan peyi ki pi rich sou tè a se yon echèk politik ak moral. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li distribye 216 milyon dola nan asistans alimantè bay plis pase 1.8 milyon timoun ki nan bezwen ete sa a epi li bay fanmi k ap travay yo yon èd ki esansyèl. Mwen pral kontinye travay pou elaji ak pwoteje benefis EBT nan nivo federal epi goumen pou mete fen nan flewo grangou timoun yon fwa pou tout."

Reprezantan Tim Kennedy, te deklare, "Dènye bagay timoun yo ta dwe enkyete yo pou li pandan ete a se kote pwochen repa yo ap soti. Ete a se pou kreye souvni, devlope konpetans, epi prepare pou pwochen ane lekòl la; men, pou twòp fanmi, jwenn manje nourisan ak abòdab vin yon gwo pwoblèm lojistik ak yon gwo chay finansye. Pandan Repibliken nan Kongrè a ak Prezidan Trump kontinye atake asistans nitrisyonèl, Nouyòk ap montre gen yon lòt chemen nou kapab pran — yon chemen ki bay timoun nou yo priyorite epi ki asire chak timoun, kèlkeswa nivo revni fanmi li, gen manje li bezwen pou grandi epi devlope."

Reprezantan George Latimer, te deklare, "Nan kèk eta, timoun yo pandan vakans ete a pa gen okenn garanti y ap manje twa repa chak jou. Sepandan, nan Nouyòk, prèske 1.8 milyon timoun deja resevwa asistans alimantè atravè Gouvènè Hochul ak eta Nouyòk ete sa a. Mwen fyè pou m sipòte pwogram Summer EBT a ki enpòtan anpil, epi mwen te kopatwone Lwa sou Manje Ete pou Timoun (Summer Meals for Kids Act) yo, ki ta entegre Summer EBT ak Pwogram Dine Nasyonal nan Lekòl la (National School Lunch Program). Mwen fyè de eta mwen an epi mwen kwè tout timoun atravè peyi nou an ta dwe pwofite sezon ete yo san yo pa bezwen enkyete yo pou konnen ki kote pwochen repa yo ap soti."

Manm Kongrè John W. Mannion te deklare, "Okenn timoun pa ta dwe janm rete grangou - ni pandan ane lekòl la ni pandan ete a. Lè Nouyòk elaji manje lekòl gratis ak pwogram tankou Summer EBT, li fè gwo pwogrè nan ede fanmi yo mete manje ki bon pou sante sou tab la epi asire timoun yo pare pou aprann. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li kontinye bay asistans enpòtan sa a, sitou pandan fanmi yo ap fè fas ak pri manje ki wo ak rediksyon mechan ak ekstrèm nan SNAP yo, mwen te opoze ak yo avèk tout fòs mwen."

Reprezantan Josh Riley, te deklare, "Gwo pri manje yo ap peze sou fanmi toupatou nan pati nò Eta Nouyòk, epi ete a pa ta dwe vle di paran yo oblije chwazi ant peye bòdwo yo ak mete bon manje sou tab la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li asire benefis sa yo rive jwenn fanmi atravè Nouyòk epi ede timoun yo jwenn manje ki bon pou sante yo bezwen pandan lekòl fèmen. Mwen pral kontinye goumen nan Kongrè

a pou pwoteje asistans alimantè, bese depans yo, epi asire chak timoun gen chans pou grandi an sante epi djanm."

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance) Eta a paske yo jwenn finansman federal ki nesesè pou bay timoun ki elijib yo 120 dola nan benefis manje pandan ete, kounye a pou dezyèm ane youn apre lòt. Benefis Summer EBT yo se yon resous enpòtan pou fanmi ki gen timoun yo manje nòmalman de nan twa repa chak jou nan lekòl pandan prèske 10 mwa nan ane a. Mwen ankouraje tout fanmi ki elijib yo jwenn epi itilize benefis la anvan li ekspire."

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, "Pwogram Summer EBT a se yon etap ki gen sans epi ki mezirab nan abòde youn nan defi ki pi ijan nan eta nou an ki se ensekirite alimantè. Rechèch montre pwogram tankou Summer EBT, ki bay fanmi ki pi vilnerab epi ki nan bezwen yo sipò sible, kapab pote yon chanjman reyèl epi dirab. Nou kapab rezoud grangou, pou nou fè sa, sa mande aksyon ijan, inovasyon, ak kolaborasyon. Inisyativ sa a pwouve n ap bati yon avni kote Nouyòkè yo gen aksè fyab ak manje nourisan ak sekirite yo merite."

Manm Asanble Maritza Davila te deklare, "Summer EBT se yon èd ki esansyèl pou prèske 2 milyon timoun Nouyòk ak fanmi yo, paske li ede mete manje ki bon pou sante sou tab lè lekòl fèmen. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li asire fanmi yo gen resous yo bezwen pou konbat grangou epi fè fas ak pri lavi k ap monte. Antanke Prezidan Komite Sèvis Sosyal Asanble (Assembly Social Services Committee) a, mwen pral kontinye travay pou asire okenn timoun nan Nouyòk pa rete grangou."

Manm Asanble, Chantel Jackson, te deklare, "Ete a pa ta dwe janm vle di yon timoun pa jwenn yon repa ki bon pou sante. Summer EBT mete 120 dola pou chak timoun ki elijib dirèkteman nan men fanmi Bronx yo, pou ede yo fè fas ak pri pwovizyon k ap monte lè manje lekòl pa disponib. Antanke reprezantan Bronx, konte ki gen pi move eta sante nan Eta Nouyòk, mwen pral kontinye goumen pou pwogram ki ranfòse sekirite alimantè epi asire chak timoun gen aksè ak resous yo bezwen yo."

Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare, "Ete a ta dwe yon moman pou timoun aprann, jwe, epi grandi, li pa ta dwe yon moman kote fanmi yo oblije chwazi ant mete manje sou tab ak peye bòdwo yo. Mwen fyè dèske mwen te patisipe nan batay pou Summer EBT, ki bay prèske 2 milyon timoun atravè Nouyòk yon èd ki esansyèl epi ki ede fanmi yo bay pitit yo manje lè lekòl fèmen. Nan yon moman kote Administrasyon Trump lan ap atake rezo pwoteksyon sosyal la epi rann li pi difisil pou fanmi k ap travay yo debwouye yo, Nouyòk dwe kontinye leve kanpe epi goumen pou timoun nou yo. Nou pa kapab aksepte yon avni kote nenpòt timoun rete grangou paske fanmi li ap lite pou rive peye depans yo. Nou dwe kontinye envesti nan pwogram tankou Summer EBT ak SNAP, ranfòse rezo pwoteksyon alimantè nou an, epi asire chak fanmi gen resous yo bezwen pou devlope."

Manm Asanble Khaleel Anderson, te deklare, "Antanke Prezidan Gwoup Travay Eta a sou Politik Manje, Agrikilti ak Nitrisyon (Food, Farm and Nutrition Policy Task Force), mwen bat bravo pou Gouvènè a ak kòlèg mwen yo nan Asanble Lejislatif la paske yo ede bay prèske 2 milyon timoun manje ane sa a lè yo ankouraje pwogram Summer EBT a. Anplis, gras ak travay kolektif nou pandan negosyasyon bidjè yo, nou te garanti plis pase 125 milyon dola pou apwovizyone bank alimantè lokal ak gadmanje kominotè yo. Ansanm, nou kapab travay pou fè grangou timoun vin yon bagay nan tan pase nan eta ki pi rich nan peyi ki pi rich nan mond lan, se poutèt sa mwen envite tout fanmi yo verifye si yo elijib pou Summer EBT epi aplike anvan 8 septanm."

Manm Asanble Grace Lee te deklare, "Pandan fanmi yo gen difikilte ak pri manje k ap monte, Trump ak Repibliken nan Washington yo ap rann li pi difisil pou fanmi yo mete manje sou tab la. Summer EBT se yon pwogram ki pwouve efikasite li epi ki ede prèske de milyon timoun Nouyòk jwenn manje ki bon pou sante yo bezwen lè lekòl fèmen. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li kontinye bay nan priyorize pwogram tankou sa a, epi mwen pral kontinye goumen ansanm ak Gouvènè a pou asire Nouyòkè yo jwenn sipò yo bezwen pou yo pwospere."

Direktris No Kid Hungry New York la, Rachel Sabella, te deklare, "Sezon ete a kapab moman ki pi difisil nan ane a pou fanmi ki deja gen difikilte pou peye depans manje ki monte ekstrèmman wo epi ki vin senbòl kriz pri lavi peyi nou an ap fè fas la. Summer EBT bay 120 dola nan benefis pou achte manje pou chak timoun ki elijib nan Nouyòk, pou rann li pi fasil pou fanmi yo achte manje lè pitit yo nan vakans ete. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li defann Summer EBT, ki kounye a nan twazyèm ane li, epi li rekonèt fanmi yo bezwen èd pratik pandan tout ane a, tankou manje lekòl gratis nan tout eta a ak yon kredi taks pou timoun ki elaji. Pwogram sa yo se èd ki esansyèl ki bay fanmi yo sipò pandan depans yo kontinye monte."

Direktris Egzekitif Adjwen Literacy in Community (LINC), Eliana Godoy, te deklare, "Nan LINC, nou konnen timoun yo pa kapab aprann epi devlope lè bezwen ki pi fondamantal yo pa satisfè. Chak jou, nou travay ansanm ak fanmi ak kominote atravè Vil Nouyòk yo, pandan n ap bay paran ak moun k ap bay swen yo konesans, zouti, ak konfyans pou sipòte aprantisaj bonè ak alfabetizasyon pitit yo. Men fanmi yo pa kapab fè sa poukont yo. Aksè ak manje nourisan se yon eleman fondamantal nan byennèt yon timoun ak yon byen piblik ki ede kreye kondisyon pou timoun yo grandi, aprann, epi devlope. Summer EBT ranfòse ekosistèm ki antoure fanmi yo lè li soulaje presyon finansye anplis mwa ete yo pote epi li ede paran yo asire pitit yo jwenn nitrisyon yo bezwen. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li rekonèt lè nou envesti nan fanmi yo epi bati sistèm sipò solid bò kote yo, nou bay chak timoun yon fondasyon ki pi solid pou reyisi."

Timoun ki kalifye yo ap resevwa benefis manje Summer EBT sou yon kat EBT ke fanmi yo ka itilize menm jan ak avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo. Benefis manje Summer EBT yo ka itilize pou achte manje tankou fwi, legim, vyann, grenn an antye, ak pwodui letye

nan magazen alimantè ki vann an detay ki otorize yo, mache kiltivatè yo, ak nenpòt lòt kote yo aksepte SNAP.

Tout kay ki elijib yo ap resevwa yon lèt anvan yo resevwa benefis pa yo. Kay ki elijib ki te itilize kat Summer EBT yo an 2025 ap resevwa benefis yo sou menm kat ane pase a. Timoun ki fèk antre nan pwogram nan an 2026 oubyen ki pa te depanse benefis 2025 yo a ap resevwa yon nouvo kat. Pou plis enfòmasyon sou kat ranplasman, vizite sitwèb Summer EBT a.

Pou ka elijib, yon timoun dwe ale nan yon lekòl ki patisipe nan Pwogram Dine Nasyonal nan Lekòl (National School Lunch Program) la epi ranpli kondisyon revni yo pou manje lekòl gratis/a pri redui.

Pifò timoun ki elijib – enkli moun k ap resevwa SNAP, Asistans Piblik, oswa Medicaid – ap resevwa Summer EBT otomatikman epi yo pa bezwen aplike.

Lòt fanmi ki elijib yo ka bezwen aplike pou resevwa benefis pou pitit yo.

Benefis sa yo disponib sou kat benefis manje Summer EBT pandan **122 jou** apati dat yo te livre yo. Yo **retire** tout benefis ki pa itilize sou kat la apre tan sa a. Moun k ap resevwa benefis yo ta dwe itilize yo touswit apre yo fin resevwa yo.

Anplis voye lèt kalifikasyon bay kay yo pa lapòs anvan yo bay benefis yo, voye rapèl pa SMS pou itilize benefis yo apre yo fin bay yo, epi voye SMS ak imèl ak lòt mizajou enpòtan sou EBT pandan ete a, OTDA ap travay avèk distri lekòl yo, defansè sipò nitrisyonèl yo, ak lòt patnè kominotè atravè eta a pou ogmante konsyantizasyon piblik la sou Summer EBT. OTDA ap travay tou avèk Biwo Eksperyans Kliyan (Office of Customer Experience) Eta a ansanm ak lòt ajans eta yo sou aktivite pou kontakte plizyè ajans — tankou pwomosyon sou sitwèb ny.gov la ak nan zòn repo Otorite Thruway yo, sant karyè Depatman Travay (Department of Labor) la, ak nan lokal Depatman Veikil ak Motè (Department of Motor Vehicles) nan tout eta a — pou rankontre fanmi yo kote yo ye a epi ogman sansibilizasyon piblik la sou benefis enpòtan sa a pou fanmi Nouyòk yo. Gen plizyè materyèl sansibilizasyon ki disponib nan: https://otda.ny.gov/programs/summer-ebt/school-provider-information/

Pou jwenn plis enfòmasyon sou benefis Summer EBT yo ak elijibilite oubyen pou aplike, vizite ny.gov/SummerEBT. Aplikasyon pou avantaj Ete 2026 dwe soumèt anvan 8 septanm 2026.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU

Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.